DEPARTMAN DETA NYS - BIWO SÈVIS LISANS

PRATIK KWAFI CHEVE NATIRÈL
PWOSEDI EGZAMEN YO

Sa a se <u>sèlman</u> yon rezime pwosedi egzaminasyon yo. Pou plis detay sou sa w dwe atann nan egzamen an, tanpri al gade *Lis Travay sou entènèt pou Pwosedi Egzamen Pratik Pou Cheve Natirèl yo.*

Men yon deskripsyon sou pwosedi egzamen y ap mande w pou w fè yo.

Y ap ba ou enstriksyon ak yon anons sou tan ki disponib pou chak seksyon nan egzamen sa a. Pa kòmanse okenn pwosedi jiskaske yo di w fè sa. Diskisyon ant kandida yo pa otorize.

W ap fè pwosedi sa yo sou yon mannken (nou pa otorize mannken vivan). Po tèt ak cheve mannken an dwe pwòp epi cheve a dwe gen omwen kat pous longè (nan tèt la). Tanpri sonje ou pa ka itilize cheve ki bezwen tache ak mannken an. Pou rezon egzamen, yo ka konsidere mannken ou an kòm menm kliyan an.

TANPRI REMAKE: Yo dwe demontre pwosedi sanitasyon ak dezenfeksyon apwopriye pandan chak aspè egzamen sa a, annakò avèk lwa ak règleman Eta New York pou amelyorasyon aparans lan.

PATI I - PREPARASYON ESPAS TRAVAY LA AK MANNKEN (15 minit)

Lè yo di w pou w kontinye, y ap mande w pou w:

Etap 1: Retire solisyon dezenfektan sifas ki deja melanje a ak materyèl ki gen rapò ak li yo nan twous ou a
epi dezenfekte sifas travay yo ba w pou w fè a dapre pwosedi yo mande yo. Asire w ou tache yon sak pou fatra nan espas travay ou a kounye a.

Etap 2: Prepare plato/veso dezenfektan w pou pita ou ka plonje bagay ki kontamine yo.

Etap 3: Prepare materyèl jeneral ki pral itilize pandan egzamen an, ansanm ak bagay ou bezwen pou pwosedi teknik koupe cheve a. Asire w ou mete veso w la deyò pou kontaminasyon san an nan moman sa a tou.

Etap 4: Dezenfekte men w epi byen sere mannken w nan estasyon travay la avèk yon klanms kontwa; vlope mannken w lan epi tann plis enstriksyon.

[Apre evalyatè a fin verifye estasyon travay ou a, ou pral kòmanse chak pwosedi egzamen sèlman lè yo di w fè sa.] Si sa nesesè, yo ka pase w egzamen an nan yon lòd diferan de sa ki prezante pi ba a.

PATI II – DRÈD (30 minit)

Apre evalyatè a fin verifye espas travay ou a ak mannken w lan, epi yo di w pou w kontinye, ou ta dwe kòmanse pati nan egzamen an pou fè drèd la.

W ap gen pou w demontre twa teknik drèd diferan: metòd peny, metòd kòde de dwèt, ak woule nan pla men. Ou ta dwe fè sis drèd avèk chak teknik. Pwosedi sa a dwe fèt nan pati ki anlè tèt la.

PATI III - TRÈS (30 minit)

Apre evalyatè a fin verifye rezilta travay drèd ak cheve w la, epi yo di w pou w kontinye, ou ta dwe kòmanse trese cheve w la. Ou dwe demontre twa kalite très: twa très cosamas (1½ - 2" dyamèt) sou yon bò tèt la ak twa ti très (1/16 - 1/8" dyamèt) ak twa très mwayen (1/4 - 1/2" dyamèt) sou lòt bò tèt la. Ou ta dwe itilize pati dyagonal ak ti seksyon vètikal.

PATI IV AK V - TI KOURI (30 minit) ak APLIKASYON GRÈF (30 minit)

Apre evalyatè a fin verifye très ou yo, epi yo di w pou kontinye, ou ta dwe kòmanse kreye senk très vètikal sou yon bò kouwòn cheve a. Yo ta dwe ajoute cheve nan ti kouri yo.

Lè w fin fè senk ti kouri vètikal, sèvi ak yon klip ki apwopriye pou deplase cheve anplis ki sou lòt bò kouwòn nan epi fè yon ti kouri orizontal, ak cheve alonj, nan kote anba kouwòn nan epi koud yon grèf nan ti kouri sa a.

NETWAYAJ ESPAS TRAVAY:

Lè w fin mete grèf la, epi evalyatè a ba w enstriksyon pou w fè sa, netwaye espas travay ou a epi remete tout materyèl yo nan plas yo. Y ap di w kilè ou ka kite espas travay ou a. Sof si yo ba w lòt enstriksyon, w ap gen dwa jete sak pwodui pou jete w la lè w ap soti nan sal egzamen an.